**दिन–बुधवार** **दिनांक–04.03.2026**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

भाजपा छओ राज्य मे होबऽवला राज्यसभा चुनावक लेल नओ उम्मीदवारक घोषणा कयलक अछि। बिहार मे पांच सीटक लेल भाजपा पार्टी अध्यक्ष नितिन नवीन आ प्रदेश महामंत्री शिवेश कुमार के उम्मीदवार बनौलक अछि। जदयू के दू सीट देल गेल अछि। ओतहि, पांचम सीटक लेल राष्ट्रीय लोक मोर्चाक अध्यक्ष उपेन्द्र कुशवाहाक नाम निश्चित कयल गेल अछि। सोलह मार्च कऽ होबऽवला चुनावक लेल नामांकन दाखिल करबाक काल्हि अंतिम तिथि अछि।

---

रंगक पावनि तिहार होली आइ पूरा प्रदेश मे पारंपरिक उत्साह आ हर्षोल्लासक संग मनाओल जा रहल अछि। ई तिहार बुराई पर अच्छाई के जीतक प्रतीक अछि। ई एकता आ सद्भावना के बढ़ावा दैत अछि। प्रदेश मे होली के लऽकऽ सभ दिस उत्साह आ उमंगक वातावरण अछि। दरभंगा, मधुबनी, समस्तीपुर, बेगूसराय आ सीतामढ़ी सहित आनो–आन जिला सभ सँ हमर संवाददाता जनौलनि अछि जे लोक भोरहि सँ एक–दोसरा के रंग–अबीर लगा कऽ होली मना रहल छथि।

---

रंगक पावनि होली प्रदेशक सभ अंचल मे अनोखा आ परंपरागत अंदाज मे मनाओल जाइत अछि। मिथिलाक सहरसाक बनगावक घुमौर होली ब्रज जकां प्रसिद्ध अछि। एहि के राजकीय मान्यता प्राप्त अछि। होली के एहि स्वरूपक प्रारंभ प्रसिद्ध संत लक्ष्मीनाथ गोसांई कयने छलाह। ओतहि, समस्तीपुरक धमौन मे छाता लऽकऽ फगुआ मनेबाक परंपरा अछि। होलीक दिन स्थानीय निवासी बांस सँ बनल आकर्षक छतरी सभ के लऽकऽ स्वामी निरंजन मंदिर पहुचैत छथि आ होली खेलाइत छथि। मगध क्षेत्र मे बुढ़ा मंगल होलीक प्रथा अछि। ई होली बुजूर्ग सभक सम्मान मे अबीर आ गुलालक संग खेलाएल जाइत अछि। भोजपुर मे धूरखेल होलीक परंपरा अछि। होलीका दहनक छाउर के लोक एक–दोसरा के लगा कऽ हवा मे उड़बैत छथि। बाकां जिलाक अदिवासी बहुल गाम सभ मे होलीक दिन लोक रंगक स्थान

पर एक–दोसराक पर पानि दैत छथि। रंगक प्रयोग पूरा प्रतिबंधित रहैत अछि। सांस्कृतिक विविध वला राज्य, बिहार मे होली मनेबाक अंदाज भनहि भिन्न हो मुदा एहि सभक मूल मे उल्लास, उमंग आ सद्भावक भाव अछि।

———————————————————————

राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मु, उपराष्ट्रपति सी.पी. राधाकृष्णन आ प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी होली पर लोक सभ के शुभकामना देलनि अछि। प्रधानमंत्री अपन संदेश मे कहलनि जे हर्षोल्लास आ आनंद सँ भरल ई पावनि सभक जीवन मे नव उत्साह आ ऊर्जाक संचार करैत अछि। ओतहि, राज्यपाल आरिफ मोहम्म खां आ मुख्यमंत्री नीतीश कुमार सेहो लोक सभ के बधाई आ शुभकामना देलनि अछि। राज्यपाल अपन संदेश मे कहलनि जे होली असत्य पर सत्य आ बुराई पर अच्छाईक जीतक प्रतीक अछि। ई पावनि हमरा सभ के आपसी मतभेद बिसरि कऽ प्रेम, भाईचारा आ सद्भावक संग जीवन जीबाक प्रेरण दैत अछि। मुख्यमंत्री नीतीश कुमार अपन संदेश मे कहलनि जे रंग, उमंग आ प्रेम आओर सद्भावक पावनि होली हमर सभक संस्कृति आ परंपराक हिस्सा अछि ओ लोक सभ सँ आपसी सद्भावक संग पावनि मनेबाक अपील कयलनि अछि। एम्हर विधानसभा अध्यक्ष प्रेम कुमार, विधान परिषदक सभापति अवधेश नारायण सिंह, भाजपाक प्रदेश अध्यक्ष संजय सरावगी लोक सभ के होलीक शुभाकमना देलनि अछि। जदयू, राजद, लोजपा–रामविलास आ राष्ट्रीय लोक मोर्चा सहित आन दल सभ सेहो होली पर राज्यक सूख, समृद्धि आ प्रगतिक कामना कयलक अछि।

———————————————————————

मध्य पूर्व मे जारी युद्धक मध्य ओमानक खाड़ी मे एक तेल टैंकर पर मिसाइलक हमला मे बेतिया निवासी आशीष कुमार लापता छथि। एखन धरि हुनक कोनो जनतब नहि भेटि सकल अछि। आशीषक भाई आकाश कुमार ओमान स्थित भारतीय दूतावास सँ संपर्क कऽ शीघ्र पता लगेबाक अपील कयलनि अछि।

———————————————————————

प्रदेश मे आठ मार्च कऽ अंतर्राष्ट्रीय महिला दिवस, महिला रोजगार दिवसक रूप मे मनाओल जायत। ग्रामीण विकास मंत्री श्रवण कुमार कहलनि जे एहि के अंतर्गत सभ जिला मुख्यालय पर महिला उद्यमी आ जीविका दीदी स्थानीय महिला सभ के रोजगार सँ जुड़ल जनतब देतीह।

———————————————————————

आईसीसी पुरूष टी–ट्वेंटी विश्व कपक पहिल सेमीफाइनल मोकाबिला आइ सांझ दक्षिण अफ्रीका आ न्यूजीलैंडक मध्य खेलाएल जायत। दोसर सेमीफाइनल मे काल्हि भारतक सामना इंग्लैंड सँ होयत।

——————————————————————

समाप्त